tgaven door bemiddeling der Commissie
voor de Volkslectuur No. 123.

A XIII
1 23

SERAT „LEBDATAMA"

SALINAN SAKING SERAT „SAROENI SAROSOPAN" BASA SOENDA KARANGANIPOEN

Wadiwasta saha Mas Partadiredja

DJILID I.

KASALIN BASA DJAWI

DÉNING

RADÈN POERWASOEWIGNJA.

BETAWI
Javasche Boekhandel & Drukkerij
1913.

oustakaan Nasional RI
B: - 484
No.123;Jilid 1
1913
No. 123
1913

Serie uitgaven door bemidd
voor de Volkslectu

SERAT „LEB

SALINAN SAKING SE
SAROSOPAN" BASA SOEN

Wadiwasta saha M

DJILID

KASALIN BAS

DÉNI

RADÈN POERWA

BETA
Javasche Boekhandel
1913

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

O. 484
no 123
Kp 62-115 1913.

Serie uitgaven door bemiddeling der Commissie voor de Volkslectuur No. 123.

SERAT „LEBDATAMA"

SALINAN SAKING SERAT „SAROENI SAROSOPAN" BASA SOENḌA KARANGANIPOEN

Wadiwasta saha Mas Partadiredja

DJILID I.

KASALIN BASA DJAWI

DÉNING

RADÈN POERWASOEWIGNJA.

BETAWI
Javasche Boekhandel & Drukkerij
1913.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Noewoen, menggah sedaj
riosipoen serat poenika moe
sang, sageda anenarik kasa
tiang ingkang amoerih oeta
lngkang mekaten waoe p
boten badé kekilapan ingk
sedaja poenika soepados a
linampahan, poenapa pant
sangsaraning badan, poena
kamoeljan oetawi ka-oetam
mawi njoemerepi samoekaw
minangka penjaring tetimb
poerna.

Woesana koela njoema
kriḍa ingkang sampoen
penggajoeh toewin pamars

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Noewoen, menggah sedaja ingkang kaseboet tjariosipoen serat poenika moehoeng pepindaning agesang, sageda anenarik kasaénan toemrap ḍateng para tiang ingkang amoerih oetamining lelampahanipoen. Ingkang mekaten waoe para maos sa-èstoenipoen boten baḍé kekilapan ingkang dados soeraosipoen; sedaja poenika soepados angèngeti ḍateng ingkang linampahan, poenapa pantjèn baḍé andamel rekaos sangsaraning badan, poenapa baḍé anoentoen ḍateng kamoeljan oetawi ka-oetamèn, ingkang temtoe kedah mawi njoemerepi samoekawis lelampahan awon saé, minangka penjaring tetimbanganipoen penggalih sampoerna.

Woesana koela njoemanggakaken para nawoeng kriḍa ingkang sampoen sami waskiṭa toemraping penggajoeh toewin pamarsoedining kamoeljan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

PENITIK

Wonten satoenggiling pre
paprangan, anjengkelit pe
kerga; merginipoen anglangl
redi, lampahipoen arerikat
kepranggoela ing pakèwed,
djoerit ingkang mentas oeng
Wonten ing satengahing
sepoeh, ingkang pakarjanipo
roepinipoen sanget awon, b
bèlèk, lambé 'ndomblèh mè
saha koelitipoen sampoen
Djoeroe tenoeng apitakè
predjoerit! dak-wawas-wa
kongsi tjedak, kaja sawidj
prekosa, déné ketara saka
anggonmoe.
Akoe andoewèni pangi
djoepoek radjabrana ka
goerda."
Predjoerit sareng mire
tenoeng sanget kagèt, ladj
„Hé, djoeroe tenoeng! c
apa, déné langkå ing sa
branané?"
Wangsoelanipoen: „Mo
kang woes anjoemoeroepi
goerda kono akèh radjabra

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PENITIKAN.

Wonten satoenggiling predjoerit mantoek saking paprangan, anjengkelit pedang toewin njangking kerga; merginipoen anglangkoengi wana saha redi-redi, lampahipoen arerikatan, boten mamang jèn kepranggoela ing pakèwed, sadjak kados déné predjoerit ingkang mentas oenggoel joedanipoen.

Wonten ing satengahing wana kepetoek tiang èstri sepoeh, ingkang pakarjanipoen dados djoeroe tenoeng, roepinipoen sanget awon, badan woengkoek, mripat bèlèk, lambé 'ndomblèh mèh doemoegi ing djanggoet, saha koelitipoen sampoen sami kisoet.

Djoeroe tenoeng apitakèn, temboengipoen: „Hé, predjoerit! dak-wawas-wawas saka ing kadohan kongsi tjedak, kaja sawidjiné predjoerit kang gagah prekosa, déné ketara saka ing pasemon lan anggon-anggonmoe.

Akoe andoewèni pangira jèn kowé amesti bisa djoepoek radjabrana kang ana sadjroning kajoe goerda."

Predjoerit sareng mireng witjantenipoen djoeroe tenoeng sanget kagèt, ladjeng kèndel sarta apitakèn:

„Hé, djoeroe tenoeng! djoepoek radjabrana roepa apa, déné langka ing sadjroning kajoe ana radja-branané?"

Wangsoelanipoen: „Moelané dak-kandakaké akoe kang woes anjoemoeroepi, jèn ing sadjroning kajoe goerda kono akèh radjabranané."

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Predjoerit angoengsed pitakènipoen: „Ingendi prenahing kajoe, lan ana radjabranané roepa apa?"

Djoeroe tenoeng amangsoeli malih: „Ora adoh, kaprenah ana saboerining goenoeng tjilik kang katon saka ing kéné ikoe. Déné radjabranané roepa ḍoewit, sakarepmoe arep andjoepoek; jèn kowé bisa loemeboe ing growongané kajoe ikoe, amesṭi bisa kaleksanan, lan akoe bakal mretikelaké gonmoe arep loemeboe lan pendjoepoeké rādjabrana maoe."

Ingrikoe predjoerit lan djoeroe tenoeng ladjeng sami loemampah amoeroegi prenahing kadjeng goerda. Sasampoenipoen doemoegi prenahing kadjeng goerda, djoeroe tenoeng awitjanten:

„Ia iki kang aroepa kajoe goerda; sadjroning kajoe ana growongané teloeng panggonan, lan ana lawangé, sa-èmper kaja kamar-kamaring omah, sidji-sidjining lawang dikoentji, sorogé tjoemanṭèl ana saḍoewoering lawang. Déné pretikelé arep loemeboe, kowé koedoe mènèk toemekané pang kang ḍoewoer ḍéwé, ing kono bisa katon growongané kajoe lan dalané kanggo loemeboe. Sawoesé mengkono kowé bandjoer loemeboea, toemekakna ḍasaring growongan kang ngisor ḍéwé, bangkèkamoe dak-talèni dak-oeloer saka ingisor, perloené jèn kowé arep metoe akoe bisa andoedoet. Déné jèn woes toemeka ḍasaring growongan, apa isèn-isèné bakal katon kabèh, marga ing kono pirang-pirang atoes lampoe kang disoemed, lan gampang pemboekaké lawanging growongan, krana sorogé wis tjoemawis ana saḍoewoering lawang."

Predjoerit apitakèn malih: „Apa sadjroning growongan kono ana ḍemité kang angreksa?"

Wangsoelanipoen: „Prekara ḍeḍemité ora ana,

moeng ana sawidjining a
asoe maoe banget galaké
matané goemebjar satèmb
adja wedi oetawa koeatir,
raté roepa slènḍang wasiat
Oepama asoe arep njand
kemoelana karo slènḍang
galak lan ora gelem loeng
Predjoerit anḍeḍes ma
sing asoe dak-toebroek, ḍoe
Wangsoelanipoen: „Doe
ngan kono, winaḍahan in
kang angreksa maoe, ḍoe
kabèh; oepama kowé k
ḍoewit emas, loemeboea
kang kapinḍo lan katè
oega roepa asoe, anangin
galak, matané ana kang
kang geḍèné maḍani
koeatir, saraté èstokna
kang 'mbaoe-reksa ame
daja apa-apa."
Predjoerit awitjanten:
akoe gelem loemeboe
kajoe goerda iki, moeng
amrih kaleksanané kare
talènana; lan jèn wis olèh
pira? Kowé kang mesṭi
Wangsoelanipoen djo
kepéngin pisan-pisan ma
oléha pira-pira ia kang
akoe andoewèni wekas,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

moeng ana sawidjining asoe adjag kang angreksa; asoe maoe banget galaké lan roepané amemedèni, matané goemebjar satèmbor sisih, ananging kowé adja wedi oetawa koeatir, mengko dak-gawani isaraté roepa slènḍang wasiat tetinggalané wong toeakoe. Oepama asoe arep njander, toebroeken, bandjoer kemoelana karo slènḍang iki, amesṭi ilang dajaning galak lan ora gelem loenga-loenga."

Predjoerit anḍeḍes malih pitakènipoen: „Sawoesing asoe dak-toebroek, ḍoewité ana ingendi prenahé?"

Wangsoelanipoen: „Ḍoewité ana sadjroning growongan kono, winaḍahan ing peṭi diḍekemi karo asoe kang angreksa maoe, ḍoewité roepa ḍoewit tembaga kabèh; oepama kowé kapéngin ḍoewit poetih lan ḍoewit emas, loemeboea ing lawanging growongan kang kapinḍo lan kateloe. Déné kang angreksa oega roepa asoe, ananging loewih geḍé sarta loewih galak, matané ana kang paḍa karo trebang, lan ana kang geḍéné maḍani loemboeng, ananging aḍja koeatir, saraté èstokna pitoetoerkoe ing ḍoewoer, kang 'mbaoe-reksa amesṭi bandjoer ora 'ndoewèni daja apa-apa."

Predjoerit awitjanten: „Jèn mengkono ia betjik, akoe gelem loemeboe ing sadjroning growongané kajoe goerda iki, moeng akoe 'ndjaloek pendongamoe amrih kaleksanané karepkoe, bangkèkakoe ènggal talènana; lan jèn wis olèh ḍoewit kowé arep 'ndjaloek pira? Kowé kang mesṭi ia kepéngin."

Wangsoelanipoen djoeroe tenoeng: „Akoe ora kepéngin pisan-pisan marang ḍoewit ikoe, senadjan oléha pira-pira ia kanggo kowé ḍéwé; moeng baé akoe andoewèni wekas, jèn kowé woes ana sadjroné

growongan kono, djoepoekna barangkoe kang aroepa penitikan, tetinggalané embahkoe kèri ana sadjroné growongan kono."

Wangsoelanipoen: „Ia betjik."

Ingrikoe bangkèkanipoen predjoerit dipoen-tangsoeli sarta slèndang wasiat dipoen-oeloengaken, ladjeng wiwit mènèk. Djoeroe tenoeng angoeloer tangsoelipoen saking nganḍap, sareng doemoegi pangipoen kadjeng goerda ingkang inggil piambak, growongan katingal, ladjeng wiwit dipoen-lebeti. Sasampoening doemoegi ḍasaring growongan, saking kawontenanipoen boten gèsèh seramboet kalian tjariosipoen djoeroe tenoeng waoe, ladjeng korining growongan dipoen-bikak koentjinipoen nganggé sorog ingkang tjoemantèl ing sanginggilipoen korining growongan. Sareng sampoen menga, predjoerit sanget kagètipoen, déné ladjeng ketingal paḍang, lampoe pinten-pinten kaṭahipoen, sarta aningali wonten peti ageng satoenggal, dipoen-ḍekemi segawon ingkang ketingalipoen angadjrihi.

Segawon sareng ningali wonten manoesa ingkang loemebet ing panggènanipoen, ladjeng mentjolot kalian djegog anggegeteri baḍé noebroek ḍateng predjoerit waoe. Predjoerit saking adjrihipoen ḍateng segawon, badanipoen loengkrah sampoen boten anggaḍahi daja poenapa-poenapa, malah anggaḍahi tjipta baḍé medal malih saking ing growongan waoe. Ananging saking pertjajanipoen ḍateng piwoelanging djoeroe tenoeng, ladjeng pasrah sarta mèpèd wonten pinggiring growongan, kalian andjèrèng slèndang wasiat wonten sangadjengipoen. Sareng segawon aningali ḍateng slèndang wasiat, ladjeng ḍekem sarta toemoengkoel

PERPUSTAKAAN NASIONAL

semoe sampoen toetoet; predjoerit ènggal anoebroek, segawon dipoen-toetoepi slèndang wasiat, sanalika nglimprek sampoen boten anggadahi daja poenapa-poenapa. Peti ladjeng dipoen-bikak, njata kebak isi arta tembagi, sanget bingahipoen, arta dipoen-pendeti kawadahan ing esak, kerga toewin toedoengipoen, sarta anggadahi manah kedoewoeng, déné boten bekta wadah ingkang ageng. Sasampoenipoen mekaten, ladjeng wiwit bikak korining growongan ingkang kaping kalih. Sareng kori moengel goemerèt, segawon ingkang ngreksa ingrikoe ladjeng njander, mripatipoen goemebjar langkoeng angadjrihi; predjoerit ènggal moendoer kalian ngoplok, roemaos boten kewawa anglebeti, déné dipoen-reksa segawon ingkang agengipoen sami kalian redi anakan. Predjoerit sampoen boten anggadahi witjanten poenapa-poenapa, kedjawi namoeng: hi, hi, hi! Ananging sareng sampoen itjal marasipoen, émoet piwoelanging djoeroe tenoeng, ladjeng wiwit angambali loemebet malih, sarta andjèrèng slèndangipoen wasiat.

Ingrikoe anggoemoenaken sanget, sareng segawon ningali predjoerit waoe andjèrèng slèndangipoen wasiat, sanalika segawon ladjeng toetoet, amoeroegi sarta angamboes-amboes dateng predjoerit, boentoetipoen akopat-kapit. Predjoerit awitjanten:

„Ing sa-iki kowé lagi soemoeroep kadigdajankoe, adja kakèhan polah; mengko dak-rampas iroengmoe babar pisan."

Segawon ladjeng dipoen-kemoeli slèndang wasiat, oegi ladjeng boten anggadahi daja poenapa-poenapa. Peti ingkang wonten ingrikoe ladjeng dipoen-bikak, kebak isi arta keton, roepiah saha oekon. Tjiptanipoen:

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Predjoerit ladjeng wangsoel, ing samergi-mergi sinambi oera-oera angroempaka ḍateng sang poetri:

MIDJIL.

1. Sangsaja dreng kaserenging kapti,
doek miarsa wartos,
amilaloe kagagas driané,
mring warnané koesoemaning poeri,
kang dadya pawarti,
kasmaran mangoenkoeng.

2. Kaja-paran bisané kepanggih,
pagoet sapandoelon,
nanging ènget pakèwed margané,
déné koemawawa koemawani,
wanoeha sang poetri,
doeroeng taté weroeh.

3. Siang daloe katonton ka-èksi,
mring kang karja wirong,
jèn tan bisa panggiha jektiné,
woeroeng oerip satemah ngemasi,
bok welas mring mami,
sira koesoemajoe.

4. Apa ora wlas mring kawlas asih,
kang kaja wakingong,
ḍoeh poedjankoe sotyaningrat kabèh,
ḍoeh mas mirah pangodjating boemi,
tolèhen poen dasih,
abdèkna poekoelòen.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

5. Dadosa djoeroe pangangsoe
angisèni genṭong,
tekèng lara-pati noeting pa
moegi ginampangna ing Hj
jèn tan klakon mami,
loewoeng glis binandjoet.

6. Nora betah anandang prih
jèn awèt anglamong,
ḍoeh goestikoe koela bad
toeroet mergi sinten kang
tan ljan sang retna di,
djimating raras roem.

7. Lir wong baring ambara
ngomjang angelojong,
kaloeloeté katon wèlèh-w
wali-wali angroeroedjit a
mengkana tan oewis,
ragèngsoen agandroeng.

Sasampoening doemoegi
malih ingkang dipoen-émoet-
tetembangan anggènipoen
poetri, sarta boten kenḍa
ḍateng ingkang maha Agoe
nanggihaken kalian sang
kiat anandang kasmaranipoe
lindoeranipoen namoeng ḍate

Ḍasar predjoerit waoe kal
ingkang bèr boedi, loma,
pikadjengan ḍateng poetra R
ing weragadipoen, sapisan

djrihi. Predjoerit sanget geter ing manah, sekala badanipoen loengkrah, goeaja atjoem, roemaos sampoen boten anggaḍahi daja poenapa-poenapa, itjal kadigdajanipoen.

Ananging saking pretjajanipoen ḍateng piwoelanging djoeroe tenoeng, satemah wangsoel malih kakendelanipoen. Senadjan mekaten oegi teksih anḍroḍog.

Slènḍang wasiat dipoen-djèrèng, ingrikoe langkoeng èram malih, déné saweg dipoen-djèrèng kémawon segawon sampoen nglimprek, ènggal dipoen-tjelaki, slènḍang wasiat kinemoelaken, segawon ladjeng tilem. Peṭi dipoen-bikak kebak isi arta djené, roepi oekon ingkang reginipoen gangsal keton. Predjoerit saja prihatos, awit boten wonten pirantosipoen kanggé bekta, witjantenipoen salebeting manah:

„Lelakonkoe iki dadi paribasan: ana begdjané ora ana daoelaté. Mengkéné wong pantjèn ora bakal pinesṭi soegih; moeng baé akoe isih andoewèni pengarepan, jèn akoe wis metoe lan bisa loemeboe manèh, arep 'nggawa waḍah kang prajoga."

Ingrikoe arta peṭak dipoen-soentak malih saking sakipoen, kagantos arta djené, awit senadjan sekeḍik kaṭah pengaosipoen.

Sedangoenipoen amenḍeti arta djené, peniṭikan ingkang dados welinganipoen djoeroe tenoeng waoe ketingal goemléṭak wonten satjelakipoen peṭi ngrikoe, ananging sampoen boten dipoen-opèni, namoeng émoet anggènipoen amenḍeti arta kémawon, sakipoen rasoekan kalian tjlana, kerga, toeḍoeng, dalah tanganipoen kebak arta djené. Sasampoenipoen ladjeng ambengok, witjantenipoen:

„Njai djoeroe tenoeng! ènggal gèrèten talimoe!"

PERPUSTAKAAN NASIONAL

blaba ḍateng para mitra, kaping kalih asring wiloe-djengan sarta dana ḍateng pekir-miskin, pikadjengi-poen neḍa sawab, sageda kaleksanan anggènipoen kasmaran ḍateng sang poetri.

Wetawis wonten setaoen ḍawah malih ing kemlara-tan, arta telas, dalah ingkang roepi anggèn-anggèn oegi sampoen telas dipoen-sadé oetawi itjal ing pegantosan.

Nanging oegi teksih begdja, déné boten anggaḍahi samboetan, pantjèn predjoerit waoe satoenggiling tiang ingkang anggaḍahi ambek soengkanan ḍateng bab njenjamboet, poenapa malih bab lampah njam-boet ingkang boten sedya bajar, poenika ngantos kawedal persapanipoen, sampoen ngantos satoeroen-toeroenipoen wonten ingkang anglampahi.

Sareng sampoen telas arta saha barangipoen, ladjeng ngalih panggènan, njéwa ponḍokan alit sarta awon, mila sanget ananḍang kasangsaran.

Déné ingkang kateḍa ing sadinten-dinten anggèni-poen berah angoeli, penganggé sampoen pating seloe-wir, roepi dados blawoes, goeaja poetjet, oepami roepi barang sampoen boten wonten medjadjènipoen.

Para mitranipoen boten wonten ingkang poeroen atetoeloeng, malah mitra ingkang kalebet tjekap, jèn kepanggih sami pating pléngos, dados tetéla kawon-tenaning para mitra waoe namoeng baḍé angangkah arta, mekaten watekipoen ing alam donja poenika.

Anoedjoe ing satoenggiling dinten wektoe daloe, sanget nelangsa ing manahipoen, paḍaran kraos loewé, baḍé neḍa boten anggaḍahi sekoel, awit siangi-poen oegi boten neḍa, djalaran kénging gandjaran sakit, dados boten saged berah, kamar panggèna-nipoen tilem peteng, awit boten anggaḍahi lisah,

PERPUSTAKAAN NASIONAL

saka sapisan. Endi penitikankoe, ènggal oeloengna."

„Mengko disik djoeroe tenoeng; akoe arep soemoeroep apa kang dadi kasiaté penitikanmoe iki."

Wangsoelanipoen: „Ora ana kasiaté apa-apa, moeng kanggo loemajan baé, rèhning tetinggalané wong toea."

„Wah, jèn mengkono kowé goroh karo akoe; mokal ora ana kasiaté kongsi kowé ora mélik marang radjabrana kang semono kèhé."

Wangsoelanipoen: „Bener oedjarkoe, temenan ora ana kasiaté, wong bagoes."

Predjoerit amangsoeli malih: „Njata goroh kowé djoeroe tenoeng. Ènggal kandakna sabeneré marang akoe; jèn kowé ora barès, amesti dak-tigas goeloemoe."

Djoeroe tenoeng amangsoeli kalian njoereng: „Ja géné kowé 'ndadak mengkono? Ikoe penitikan rak pantjèn doewèkkoe. Ènggal prénèkna!"

Predjoerit sampoen boten sabar malih, ènggal narik pedang, djoeroe tenoeng katigas, sirah mentjelat pisah lan badanipoen.

Sasampoening djoeroe tenoeng pedjah, predjoerit wiwit angétang artanipoen, goenggoeng wonten sèwoe oekon kepara langkoeng. Arta ladjeng dipoen-boentel ing slèndang wasiat katangsoelaken ing bangkèkanipoen, déné penitikan dipoen-gèmbol ing esak. Ingrikoe ladjeng bidal mantoek kalian sisoet-sisoet, mertandani bingahipoen, malah lampahipoen oegi dipoen-damel-damel, béda sanget kalian nalikanipoen dèrèng pikantoek arta; lèmbèhan toewin lampah angèmperi sadjakipoen tiang ingkang soegih, sampoen boten émoet dateng piwoelangipoen tiang sepoeh; ing mangka sampoen katah toeladanipoen, jèn tiang

Predjoerit sanget bingahipoen, déné penitikan waoe èstoe ratoening djimat, sarta wewadosipoen sampoen ketjepeng sedaja. Penitikan ladjeng dipoen-titikaken kaping kalih. Sanalika segawon ingkang tengga growongan angka kalih dateng. Witjantenipoen:

„Goesti, wonten kersa poenapa animbali ingkang abdi?"

„Djoepoekna doewitkoe sekantong, arep kanggo toekoe beras!"

Sanalika segawon moesna, boten dangoe dateng malih bekta arta pérak sekantong.

Predjoerit sareng aningali segawon bekta arta pérak sekantong, manahipoen sangsaja bingah, anglangkoengi ingkang sampoen.

Ladjeng wiwit malih njéwa gedong ageng sarta saé, anoembasi bekakas gria ingkang anèh-anèh mekaten oegi penganggénipoen, poenapa malih karéta bèndi dalah rakitanipoen. Ananging bab amedalaken jatra sampoen itjal, awit roemaos kadoewoeng sanget lelampahanipoen ingkang sampoen, toewin malih oemoer saja sepoeh, dados anggadahi adjrih doeraka déning Allah, sarta priksa dateng lelampahanipoen ngagesang, jèn menoengsa poenika boten badé langgeng, kados ta: enèm kedadosanipoen sepoeh, gesang poengkasanipoen amesti pedjah. Sasampoening anandang sangsara, priksa jèn saénipoen ngagesang poenika sampoen ngantos anglampahi ngoembar hawa-nepsoe. Ing sapoenika lelampahanipoen namoeng kapendet tengah-tengah, kados ta: boten ompakan, boten kepéngin dipoen-alembana ingasanès; dateng pamitran inggih namoeng amendet saperloenipoen, boten keket sanget oetawi boten renggang

moeng angoembar hawa-nepsoenipoen, kados déné satoenggiling tiang ingkang ngadji-poepoeng, sedaja tetedan ingkang étja-étja dipoen-toembasi, ngantos tjawisanipoen ingkang wonten gria neda mèh boten kateda; poenapa malih bab penganggènipoen babar pisan boten poeroen nganggé ingkang awon-awon, mila kénging dipoen-paribasakaken: Kéré menangi moeloed, oetawi kéré moenggah balé.

Sampoen dados limrahipoen djaman sapoenika, jèn wonten satoenggiling tiang ingkang anggadahi lampah kados mekaten, amesti katah tiang ingkang seneng.

Dèrèng sapintena laminipoen wonten ing negari pamondokan sampoen pinten-pinten pamitranipoen. Sedaja para mitra waoe sami toemoet seneng sarta toewoek ing tetedan, awit predjoerit waoe blaba dateng samoekawis, ingkang soepados tampia pangalembana.

Siang daloe boten wonten pedotipoen tamoe ingkang sami dateng, wonten ingkang namoeng gegoedjengan, wonten ingkang 'ndongèng, wonten ingkang njoeling, naboeh biola toewin sanès-sanèsipoen, namoeng perloe badé anjenengaken manahipoen predjoerit waoe. Oepami késah ngoepados kasenengan, pinten-pinten kantjanipoen ingkang sami toemoet.

Predjoerit waoe sanget bingahing manah, awit saking roemaosipoen katah ingkang sami loeloet dateng piambakipoen, ngantos babar-pisan boten émoet jèn anilar anak rabi, boten pisan-pisan anggadahi tjipta, jèn loeloetipoen para mitra waoe awit saking anggadahi pangangkah, toemoet ngaoeb saha angoengsi tetedan, mangka wonten malih paribasan:

PERPUSTAKAAN NASIONAL

metoe-metoe, pangirakoe sang poetri ia kepéngin metoe saka sadjroning gedong ikoe, lan manèh rèhning sang poetri wis diwasa, amesti ia kepéngin pala-krama."

Ananging predjoerit ladjeng anggadahi tjipta sanès malih: „Ia, kanggo apa akoe andoewèni rabi poetra Radja, lan wis akèh tetoeladané jèn wong rabi doedoe sepada-padané ikoe sok akèh godané, sapisan sok angadi-adi, kapindo gelem ngina marang wong lanang, lelakonkoe iki kena diparibasakaké: Soemengka pengawak bradja. Loewih betjik golèk rabi sepepadakoe, amrih andadèkaké senenging pikir toer ora dadi tjetjatoeraning lian."

Sasampoenipoen anggadahi manah mekaten, émoet malih djaman nalikanipoen kédanan dateng sang poetri, ladjeng gentos malih ingkang dipoen-manah, badé njampoernakaken pikadjengan ingkang sampoen, tjiptanipoen:

„Ing sa-iki akoe arep nékad, meksa gonkoe arep ngarah marang sang poetri, déné kepénak lan orané ikoe kari goemantoeng ana begdjakoe; jèn pantjèn bisa kaleksanan, wong lanang andoewèni pangoeasa moeroek marang wong wadon, dadi ora tanggoeng ing lelakonkoe. Sarèhning wektoe iki lagi ginandjar oentoeng, bok menawa sang poetri maoe bisa ketarik saka ing ka-oentoenganakoe."

Wongsal-wangsoel anggènipoen manah meksa katah pikadjengipoen dateng sang poetri, tinimbang moendoeripoen.Ènggal mendet djimatipoen penitikan dipoen-titikaken sapisan, sanalika segawon dateng.

Predjoerit ladjeng awitjanten: „Akoe djoepoekna poetri poetrané sang Nata ing negara kéné, kang lagi dipingit ana sadjroné gedong tembaga."

Boten antawis
dong sang poetri
boten anglilir.

Sareng predjo
sang poetri, sar
déning tiang saki
èram aningali èn

Sareng sampoe
„Oepama akoe
jèn andadèkaké
kedadéané awakl
mangsa, jèn anal
panemoekoe loev
roe nepsoe, oepa
adja kongsi boete

Witjantenipoen
manèh sang poe
adja keboeroe in

Sang poetri
Sapengkeripoen s
kahipoen kados
tangi, bleg malih
boten saged tile

Èndjingipoen
ngipoen sang p
sarapan toewin

Samoekawis
wontenaken, lac
Ing satengahipo
djoek dateng ing
soepena dipoen-g
tepangaken kali

PERPUSTAKAAN NASIONAL

kados déné atoeripoen djoeroe noedjoem waoe, awit poetra namoeng setoenggal, sarta ginaḍang-gaḍang baḍé anggentosi djoemeneng Radja. Menggah kersanipoen kangdjeng Radja angsala poetra mantoe samisami poetraning Radja, ingkang soepados ing tembé-wingking sampoen ngantos anemahi ina oetawi nanḍang kemlaratan. Mila kangdjeng Radja perloe baḍé ihtiar sageda angontjati baḍé kadaripoen sang poetri ingkang kados atoeripoen djoeroe noedjoem waoe.

Predjoerit sareng mireng mitranipoen tjrios mekaten, sanget gembiraning manahipoen, ladjeng njipta ing salebeting manah: „Keprijé, akalé amrih akoe bisané djoḍo karo poetrané sang Radja, oepama akoe pinareng bisa djoḍo, dadi toetoeg kasenengakoe ing alam donja lan bakal ora akèh-akèh kang dak-pikir, amesṭi bandjoer bisa tentrem ing ka-oeripankoe."

Saking kasengsemipoen ḍateng tjetjriosan waoe, jèn wektoe daloe ngantos boten saged tilem, namoeng émoet ḍateng sang poetri. Saja lami saja sanget anggènipoen kédanan, polah-tingkah sampoen kados tiang éwah, siang daloe roemaosipoen sang poetri tansah dipoen-sanḍing.

Saben wektoe sonten noempak keréta angideri aloen-aloen, sedyanipoen baḍé soemerep woedjoedipoen sang poetri; saking kesengseming manah ngantos gaḍah panginten oepami sang poetri waoe kasoekan ing petamanan mesṭi angaḍang ing lampahipoen, awit ing dalem tjipta sang poetri sampoen tepang kalian piambakipoen.

Ananging sareng sampoen doemoegi satjelaking petamanan boten wonten ketingal poenapa-poenapa, pantjèn sang poetri dèrèng wanoeh babar-pisan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Sang Nata sareng mireng atoeripoen sang poetri ḍateng ingkang iboe, sanalika kèndel anggènipoen ḍahar, awit saking kagèt sarta goemoen ḍateng soepenanipoen sang poetri. Pangoenandikaning galih: „I, lah, ikoe impèn doedoe sèbaéning impèn, menawa iki kang dadi pametjané djoeroe noedjoem bijèn."

Ladjeng sang Radja anḍawoehaken ḍateng emban kekasih, ḍawoehipoen: „Bok emban! ing maoe bengi sang poetri ngimpi digonḍol asoe, bandjoer ditepoengaké karo sawidjining predjoerit. Kang ikoe atiatinen banget gonmoe roemeksa sang poetri, adja kongsi ana kedadéan apa-apa. Ing mengko bengi kowé adja toeroe, angintjenga ing sadjroning geḍong kéné ana roepa apa kang teka."

Atoeripoen bok emban: „Sendika ḍawoeh dalem."

Sasampoenipoen sang Nata ḍahar, ladjeng kondoer serimbit angeḍaton, ananging penggalih meksa boten sekétja, koeatos ḍateng soepenanipoen sang poetri, bok menawi kedadosan.

Sareng sampoen doemoegi wektoe daloe malih, sang poetri saré kados déné sabenipoen, emban ingkang tampi ḍawoeh waoe sampoen angatos-atos, oempetan panggènan ingkang sepi, baḍé anjoemerepi bok menawi wonten ingkang ḍateng kados soepenanipoen sang poetri.

Wetawis djam kalih welas (tengah daloe), ḍateng satoenggiling segawon adjag ageng inggil, mripatipoen goemebjar saterbang sisih, sanget angadjrihi, ladjeng teroes loemebet ing pasaréan, sang poetri, dipoengonḍol kabekta medal.

Bok emban aningali pratingkahipoen segawon waoe,

ladjeng kamike
saking kagèt, sa
Sareng segaw
ipoen, ladjeng
pemanggih baḍé
waoe, lampahipo
ipoen segawon.
Déné segawo
oegi kalian lamp
anglilir, dados b
lampahing segaw
Boten antaw
grianipoen pred
loemebet. Bok
amping-amping
awit adjrih jèn
Boten sepinte
kabekta medal
dipoen-wangsoe
Tjiptanipoen
moeroepi kabèh
kang andoewèn
akoe bandjoer
nging betjiké o
adja kongsi kel
Bok emban
siangipoen men
poen dipoen-ka
nipoen predjoe
samergi-mergi
ladjeng wangso
Sareng samp

PERPUSTAKAAN NASIONAL

5. Dadosa djoeroe pangangsoe warih,
angisèni gentong,
tekèng lara-pati noeting pangrèh,
moegi ginampangna ing Hjang Widi,
jèn tan klakon mami,
loewoeng glis binandjoet.

6. Nora betah anandang prihatin,
jèn awèt anglamong,
doeh goestikoe koela badé ngamé,
toeroet mergi sinten kang djampèni,
tan ljan sang retna di,
djimating raras roem.

7. Lir wong baring ambarang daleming,
ngomjang angelojong,
kaloeloeté katon wèlèh-wèlèh,
wali-wali angroeroedjit ati,
mengkana tan oewis,
ragèngsoen agandroeng.

Sasampoening doemoegi ing gria, boten wonten malih ingkang dipoen-émoet-émoet kedjawi namoeng tetembangan anggènipoen kasmaran dateng sang poetri, sarta boten kendat-kendat anjenjoewoen dateng ingkang maha Agoeng, sageda énggal pinanggihaken kalian sang poetri, roemaos boten kiat anandang kasmaranipoen; jèn ing waktoe tilem lindoeranipoen namoeng dateng sang poetri.

Dasar predjoerit waoe kalebet satoenggiling tiang ingkang bèr boedi, loma, kawewahan anggadahi pikadjengan dateng poetra Radja, dados saja katahing weragadipoen, sapisan pantjèn sampoen watak

sang poetri dipoen-sarèkaken malih, ing pesaréan lami, taksih teroes saré kémawon. Segawon ènggal wangsoel malih.

Ing daloe poenika bok emban boten tjrios ḍateng para emban sanèsipoen, awit teksih daloe, bok emban ladjeng toemoet tilem.

Sareng segawon sampoen doemoegi grianipoen predjoerit, kagèt aningali ing kori djawi wonten tanḍa peṭak mrapat, ladjeng matoer ḍateng bendaranipoen. Predjoerit ènggal aniti-priksa, witjantenipoen:

„I, lah, asoe! iki amesṭi tanḍa wong njirèni, soepaja gampang enggoné golèki lan pamriksané."

Predjoerit waoe ladjeng amenḍet kapoer, sedaja gria ingkang tjelak-tjelak dipoen-tanḍani mrapat, ingkang soepados jèn wonten ingkang niti-priksa dados bingoeng.

Sareng sampoen bjar éndjing, bok emban waoe ènggal séba ḍateng sang Nata, angoendjoekaken sedaja pemanggihipoen ing wektoe daloe.

Ḍawoehipoen kangdjeng Radja: „Ènggal timbalana mréné adjidankoe."

Sasampoenipoen adjidan ḍateng, kangdjeng Radja serimbit toewin adjidan sami nitih koeda baḍé niti pariksa poenapa ingkang ḍados atoeripoen bok emban. Sareng doemoegi ing panggènan ingkang sampoen ka-atoeraken déning bok emban, kangdjeng Radja amriksani wonten gria korinipoen djawi dipoen-tengeri mrapat, ladjeng ngandika bisik-bisik ḍateng ingkang garwa:

„Pengirakoe amesṭi iki omahé kang andoewèni dosa."

Kangdjeng Ratoe amangsoeli: „Ing satjelakipoen gria poenika oegi wonten tanḍa mrapat, dados dèrèng

kantenan jèn gr
dosa, awit gria
mawi tanḍa mr
Kangdjeng R
ladjeng dipoen
kasoemerepan i
Kangdjeng R
raka: „Ing sap
langkoeng praj
akal amrih sag
Kangdjeng R
ladjeng kondoe
Sareng sam
Ratoe damel k
bolongi, ladjeng
Wantjinipoen
dipoen-kaloeng
Ing wektoe
won ḍateng m
kang sampoen
sesawi waoe,
ḍong tembagi
saged dados p
Sasampoeni
kalian predjoe
wangsoelaken
Sareng sam
sarta ḍawoeh
poen, anitik-
telas-telasanip
kang ngenggè
Ingkang ta

PERPUSTAKAAN NASIONAL

wonten klobot sata nanging boten anggaḍahi rèk. Ingrikoe émoet jèn anggaḍahi penitikan, ènggal dipoen-penḍet saking salebeting kerga, sarta wiwit anglelet baḍé ngrokok. Sareng nitik sapisan, kamar petileman ketingal bjar paḍang, sarta ḍateng segawon adjag ingkang tengga korining growongan. Segawon adjag ladjeng ḍekem sarta awitjanten:

„Goesti bendara koela, wonten kersa poenapa, déné teka animbali ḍateng ingkang abdi?"

Predjoerit sanalika kagèt . sarta sampoen boten saged witjanten, awit sapisan adjrih, kaping kalih élok sanget, déné segawon ingkang wonten ing growonganipoen kadjeng goerda anḍatengi. Tjiptanipoen:

„Lah iki penitikan doedoe sebaéné, amesti bener gagasakoe bijèn, jèn iki penitikan djimat."

Ladjeng amangsoeli: „Moelané kowé dak-oendang mréné, dak-poerih djoepoekaké ḍoewit."

Sanalika segawon moesna, boten antawis dangoe ḍateng ambekta arta sekanṭong dipoen-tjokot.

Predjoerit apitakèn: „Jagéné déné ora gawa ḍoewit pérak oetawa emas?"

Wangsoelanipoen: „Poenika sanès bagéan koela djagi. Oepami bendara ḍawoeh menḍet arta pérak, kedah moenḍoet ḍateng ingkang djagi korining growongan ingkang kaping kalih."

Wangsoelanipoen: „Keprijé 'nggonkoe arep angoendang?"

Wangsoelanipoen: „Oepami baḍé nimbali ingkang tengga growongan angka kalih, kedah nitik kaping kalih; oepami growongan ingkang angka tiga, kedah nitik kaping tiga, déné jèn nimbali kang abdi piambak, anitika sapisan kémawon."

PERPUSTAKAAN NASIONAL

telas-telasanipoen widji sesawi wonten grianipoen predjoerit ingkang korinipoen sampoen wonten tanda petak mrapat, ènggal katjepeng dipoen-blenggoe, linebetaken ing koendjara, sarta sampoen ginadang-gadang badé dipoen-patrapi pa-oekoeman gantoeng.

Predjoerit waoe sanget anandang sangsara, awit tilas moekti manggèn ing gria gedong tilem wonten tempat tidoer, ing woesana linebetaken ing pakoendjaran tanpa dilah, tilem angglètak toer mawi dipoenblenggoe. Siang daloe tansah anangis boten dojan neda sarta boten saged tilem. Tjiptanipoen:

„Mengkéné kedadéané wong angoembar hawanepsoe; oepama akoe nrima sarta nganggo pikiran kang bener, amesti ora bakal nandang kasangsaran. Apa ta perloené akoe kepéngin marang poetra Radja, anaké para soedagar kang soegih-soegih ia akèh, lan kang roepané betjik ia ora koerang-koerang. Langka oepama akoe gelem nakokaké jèn oraha ketampan, awit kabèh wong wis pada soemoeroep jèn akoe sawidjiné wong kang soegih, dadi lelakonkoe iki oega kena diparibasakaké: Tjébol anggajoeh langit. Ora roemangsa jèn maoené dadi wong mlarat, sangsara, bandjoer pinaringan rahmat déning kang maha Agoeng, ginandjar soegih, beneré akoe koedoe moedji soekoer. Jagéné dadak andoewèni pratingkah kang loewih-loewih kepéngin marang poetrané Radja, ora mikir jèn pantjèn toeroening wong tjilik, mangka wis pinaringan kasenengan lan moekti, beneré ia bandjoer narima? Jagéné isih tansah angangsa-angsa, oepama wong 'ndjedjaloek wis diwènèhi sakilan, dadak nganjang djaloek sadepa, ing wekasan mengkéné

kedadéané, nepsoe
pikir, awak kang
Sasampoenipoen
dateng segawon
bok menawi sag
grajah amadosi
pinanggih, woesan
ing gria, wonten
„Sawoesé keprij
kal? Mengkéné
saran, sapolah-ting
mané wong lagi g
kang pantjèn doe
malah tambah ban
ora kekoerangan
Namoeng teksi
sadèrèngipoen na
palan toewin mire
sepoeh, sarta sam
pahi agami.
Ing salebetipoe
salebeting pakoen
langsa sarta émo
begdja tjilaka poe
Sadèrèngipoen
tjilaka satoenggil-t
tèkaken, mila wo
pinanggih."
Sasampoening
nahipoen keraos
ta perloené akoe
manoesa, begdja

PERPUSTAKAAN NASIONAL

sanget, awit sampoen kamanah, awis tiang ingkang mimitran kalian soetjining manah, kalimrahanipoen jèn tiang anggaḍahi mitra ingkang tjekap, pikadjengipoen ingkang kaṭah namoeng anggaḍahi pengangkah, oetawi langka ingkang priksa isaratipoen amimitran.

